

Tout sa nou Bezwen Konnen

Sou Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade Nou An



Miami-Dade Water and Sewer Department

Carlos Alvarez
Majistra



ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Bruno A. Barreiro
Prezidan

Barbara J. Jordan
Vis Prezidan

Barbara J. Jordan
Distrik 1

Dorrian D. Rolle
Distrik 2

Audrey M. Edmonson
Distrik 3

Sally A. Heyman
Distrik 4

Bruno A. Barreiro
Distrik 5

Rebeca Sosa
Distrik 6

Carlos A. Gimenez
Distrik 7

George M. Burgess
Manadjè Konte

Robert A. Cuevas
Avoka Konte

John W. Renfrow, P.E.
Direktè

Katy Sorenson
Distrik 8

Dennis C. Moss
Distrik 9

Senator Javier D. Souto
Distrik 10

Joe A. Martínez
Distrik 11

José "Pepe" Díaz
Distrik 12

Natacha Seijas
Distrik 13

Harvey Ruvín
Grefye Tribinal yo

Konte Miami-Dade bay aksè ak opòtinite anplwa
ak sèvis egal ogo epi li pa fè diskriminasyon kont moun ki enfim.

Se nan règleman Konte Miami-Dade pou li konfòme ak
tout règleman lalwa sou enfimite ki rele "Americans with Disabilities Act" la.



Sa ki nan liv la

Konsènan WASD.....	2
Pwojè Efikasite Izaj Dlo.....	4
Konsèy Konsèvasyon	6
Lekti Kontè W an	7
Enfòmasyon Pri.....	8
Sèvis W an.....	10
Transfè oswa Tèminal Sèvis.....	11
Enfòmasyon Bòdwo	12
Kont Aryere.....	13
Peyman Bòdwo.....	14
Ajisteman Bòdwo.....	16
Kredi Pisin	17
Kesyon Ki Pi Popilè yo.....	18
Ki Nimewo Telefòn Pou Mwen Rele Pou	20



Love. Bon Kalite. Sèvis Chak Jou.

Miami-Dade
Water and Sewer
Department

Byenveni

Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade apresye w kòm kliyan li..

Bi nou se sèvi nou menm, moun Konte Miami-Dade yo, nan ba nou pi bon kalite dlo ak sèvis egou yo, pandan ke nap pwoteje sante piblik lan epi an menm tan aji nan enterè nou pou pwoteje anviwonman nou an.

Nou espere ke ti liv enfòmasyon sa a va ede nou ak tout enfòmasyon ke nou kapab bezwen, men si ta gen yon pi bon fason pou nou kapab ba nou sèvis yo fè nou konnen. Nou kapab pase nan youn nan biwo nou yo, rele nou, oswa vizite nou sou sitwèb nou an nan www.miamidade.gov/wasd



ENFÒMASYON SOU WASD


Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade (WASD), yon depatman Konte Miami-Dade, se youn nan pi gwo sèvis itilite piblik nan Zetazini – Li travay ak yon bidjè anyèl de apeprè \$550 milyon, li anplwaye plis ke 2,700 moun e li bay apeprè 430,000 kliyan sèvis. Ki diplis, Depatman bay sèvis dlo ak egou a zòn ki pa enkòpore nan Konte Miami-Dade yo, e sèvis dlo/egou a 15 minisipalite epi sèvis evakyasyon dlo egou a 12 minisipalite.

Depatman nou an rale apeprè 347 milyon galon dlo chak jou de Sous Biscayne lan pou sèvis konsomatè nou yo. Yo ponpe dlo an nan youn nan lokal kote nou trete dlo an pou nou fè li potab epi nou tou fè distribisyon apre. Gran save nan mikwobiyoloji, chimi ak espesyalis nan tretman dlo sipèvize oswa mennen analiz sou plis ke 100,000 echantiyon chak ane e se pou sa ke kalite dlo Konte an depase ni règlerman Eta a ni Federal lan nan kalite.

Non sèlman WASD trete dlo potab ak dlo egou, li la tou pou konsève resous natirèl nou an ki si presye ki se sous dlo nou yo e se sa ki fè ke yo mete anplas plizyè pwogram konsèvasyon. Kanpay pou edike piblik lan, konkou nan lekòl yo ak distribisyon ekipman pou ede konsève dlo, ak pwogram echanj tèt tiyo douch la, tou sa se kèlke fason ke Depatman an travay pou gaye nouèl sou enpòtans konsève dlo pa gaspiye li. ●



Pwojè Itilizasyon Efikas Dlo



An avril 2006, Asanble Komisyonè Konte Miami-Dade te adopte Plan Itilizasyon Efikas Dlo Miami-Dade la atravè rezolisyon R-468-06. Plan sila fè pati yon pi gwo pou amelyore amenajman apwovizyonman dlo tradisyonèl yo pandan lap ankouraje devlopman lòt altènativ apwovizyonman dl oak amelyore efikasite nan fason nou sèvi ak dlo aktyèlman.

YKòm yon pati nan Plan Itilizasyon Efikas Dlo Miami-Dade la, pwogram say o te deziyen pou amelyore efikasite izaj dlo yon an modènize ansyen aparèy sanitè yo ak ankouraje rezidan yo pa gaspiye dlo. Pwogram sila yo disponib a rezidan Miami-Dade yo ki kalifye dapre kritè ki etabli yo.

PWOGAM RANBOUSMAN POU MODÈNIZASYON

- Efikasite Dlo nan Jadinay ak Evalyasyon Irigasyon
- Twouso Modènizasyon ak Echanj Tèt Douch
- Ranbousman pou Machin Alave Ki Konsève Dlo nan Lojman Plizyè Fanmi Abite
- Pwogram Vèt (pwoteksyon anviwonmantal) Lojman ak Restoran
- Pwogram nan Lekòl

- Pwogram Ranplasman Watè ljenik
 - Pwogram Watè ljenik ki Konsève Dlo (HET) ak Pwogram Modènizasyon
 - Pwogram Distribisyon Watè ljenik ki Konsève Dlo (HET)
 - Pwogram Ranbousman Watè ljenik ki Konsève Dlo (HET)

Pou patisipe nan nenpòt nan pwogram sila yo, tanpri poste yon aplikasyon ranpli okonplè ansanm ak tout dokimantasyon nesèsè yo. Aplikasyon yo disponib sou sit entènèt nou an oubyen w ka fè demann pa lapòs oswa pa telefòn.

Ekri:
Miami-Dade Water and Sewer Department
Water-Use Efficiency Program
3071 SW 38 Avenue
Miami, FL 33146

Rele: (786) 552-8974

Ale sou: www.miamidade.gov/conservation

PWOGRAM ECHANJ TÈT DOUCH

WASD va **echanje** asyèn tèt douch w an pou yon nouvo modèl tèt douch ki konsève dlo **TOTALMAN GRATIS**. Jis mennen asyèn tèt douch w an nan youn nan kat « Sant Echanj » WASD ki pi ba la-a:



CALEB CENTER

5400 NW 22 Avenue, 1^e Etaj
Lendi – Vandredi, 8am – 4:30pm

SOUTH DADE

GOVERNMENT CENTER

10710 SW 211 St, 1^e Etaj
Monday – Friday, 8am – 4:30pm

DOUGLAS

3071 SW 38 Avenue, 1^e Etaj
Lendi – Vandredi, 8am – 5pm





Konsèy sou Konsèvasyon



NAN KIZIN LAN...

Se machin vesèl yo ki sèvi ak plis dlo nan kizin yo --- apeprè senk galon chak lavaj. Toujou asire nou ke machin lan byen ranpli epi si se nan evye an nap lave vesèl lan pa kite dlo an kouri twò lontan. Nan enstale yon tèt tiyo ki konsèvle dlo, sa ka fè nou ekonomize jiska de galon dlo pa minit.

NAN SALDEBEN AN...

Detyè nan dlo ki sèvi nan tout kay la se nan saldeben an yo sèvi, donk se byen la nou ka diminye plis sou kantite dlo nou sèvi yo. Rete vijilan pou detekte fwit dlo epi repare yo osito ke w dekouvri yo. Yon dlo kap goute tou piti ka gaspiye 15 a 20 galon dlo pa jou epi yon fwit 1/16 pous nan yon tèt tiyo va gaspiye 100 galon dlo nan 24è. Fwit dlo watè ijenik yo fèt lè watè yo pa byen ajiste oswa lè yo gen pyès ladan yo ki ize. Laplipa fwit nan watè ijenik se nan fèt tiyo an, projè an ak valv la yo sòti.


DEYÒ...

Se yon lwa ki etabli bò isit la! Se sèlman anvan 9:00 a.m. epi apre 5:00 p.m. ke nou gendwa wouze jaden ak gazon nou. Epi tou asire nou ke tèt tiyo awozaj otomatik yo ki pike nan tè an byen anplas pou wouze gazon an pou pa jis jete dlo sou twotwa a. Ale so www.miamidade.gov/wasd pou plis enfòmasyon sou restriksyon sou awozaj.

NAN SAL LESIV LA...

Yon machin lesiv sèvi ak 40 ou plis galon dlo chak fwa nou lave, ebyen se pou nou kite ase rad pou plen machin lan pou nou pa gaspiye dlo. Si machin lesiv la gen yon bouton pou ajiste nivo dlo an, pa bliye ajiste li pou ti machin ki pa fin plen yo. ●






Lekti kontè w an

Bòdwo sou kantite dlo ke w itilize an se sou santèn pye kibik (ccfs) ke yo mezire li. Pou fasilite w, yo mete kantite galon dlo w sèvi yo sou bòdwo dlo an. Kontwole kantite dlo ke w sèvi avèk lan osi fasil ke si w tap kontwole milyaj machin w an. Jis ale gade kontè dlo w an epi li nimewo ki sou ekran blan yo. Pou w kapab konnen ki kantite dlo ke w sèvi avèk, fè soustraksyon sou ansyen lekti ki te fèt ak sa w jwenn kounyeyan

RELI KONTÈ, TCHEKE KONTÈ, BÒDWO KI WO

Dabitid Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade lan fè investigasyon li san grate tèt lè li remake ke gen yon bòdwo ki vinn twòp lajan. Li fè sa sitou pou li tcheke si kontè an ap


mache byen oswa si gen fwit. Men yo ankouraje kliyan yo rele seksyon sèvis kliyantèl lan nan (305) 665-7477 si yo wè ke yon bòdwo ap monte twòp. Premye investigasyon kontè an gratis. Teknisyen an pap tcheke plonbri kay lan. Si w kwè ke se kontè lan kap bay move chif, rele (305) 665-7477. Yap voye yon demann pou Egzamen Sètifye Kontè pa lapòs pou w epi yo pral fè aranjman pou yo vini tcheke kontè an. Si tchèk lan di ke se kontè an ki pa mache yo pap fè w peye anyen epi yo va ajiste bòdwo an pou w. Si kontè an ap mache korèkteman, Depatman an va voye yon bòdwo ak \$40 anplis sou li jis pou kouvri frè tcheke kontè an. ●



Enfòmasyon sou Pri yo

Depatman Opatab ak egou Miami-Dade lan fyè pou li ofri kliyantèl liyan youn nan pri ki pi ba pou sèvis liyo toupatou nan nasyon an. Li toujou ap chèche pi bon mwayen pou li bay pi bon sèvis a kliyantèl liyan.

Efektiv 1 Oktòb, 2002 kliyan prive WASD yo tap benefisye de eliminasyon to lajan anplis ke yo te

konn fè moun peye pa sezon yo, e yo mete sou pye yon sistèm bòdwo ak kontè dlo ki pi senp. Nouvo sistèm bòdwo an ankouraje moun ekonomize dlo an epi yo bese bòdwo laplipa kliyan rezidans yon fanmi oswa rezidans anpil fanmi ki sèvi ak ti gout dlo oswa yon kantite dlo san fè gaspiyaj. 



BÒDWO EFEKTIV 1 JANVYE 2007

Mwayèn yo bòdwo yon fanmi nòmal chak mwa
(10 ccf oswa 6,750 galon pa mwa)

\$32.37

PRI DLO AN – EFEKTIV 1 JANVYE 2007
KANTITE DLO KI SEVI PA MWA **\$/ccf**

0 a 5 ccf	\$0.38 chak ccf
6 a 10 ccf	\$1.43 chak ccf
11 a 17 ccf	\$1.96 chak ccf
18 ccf e plis	\$2.87 chak ccf

PRI KONTÈ

GROSE KONTE

PRI PA MWA

5/8" *	\$3.20
1"	\$8.22
1.5"	\$12.82
2"	\$27.42

* 5/8" lan se gwosè twa ka kontè rezidansyèl yo.

**PRI SÈVIS EGOU PA MWA–
 EFEKTIV JANVYE 2007**

Premye Pri de Bazz	\$3.25
0 a 5 ccf	\$1.39 chak ccf
6 a 17 ccf	\$2.84 chak ccf
18 ccf e plis	\$3.55 chak ccf





Sèvis W An

Depatman Opotab ak Egou Miami-Dade lan ap asepte demann pou sèvis nan kay rezidansyèl pa telefòn, nan (305) 665-7488, oswa nan youn nan lokal sèvis nou yo:

DOUGLAS BUILDING

3071 SW 38 Avenue, 1ye Etaj

LE JEUNE OFFICE

3575 S Le Jeune Road

SOUTH DADE GOVERNMENT CENTER

10710 SW 211 Street, 1ye Etaj

CALEB CENTER

5400 NW 22 Avenue, 1ye Etaj

Si se nan lokasyon nou ye, dabitid yo mete sèvis lan sou non lokatè an, esepite si gen yon kontè kap sèvi pou

plis ke yon apatman nan kay lan. Nan ka espesyal sa yo, se pwopriyetè/mèt kay lan ki responsab sèvis lan. Yo mete amann sou nou si nou sèvi ak dlo an san nou pa aplike pou sèvis lan ki vle di pran abònman opotab ak egou an. Anvan nou bwote, chèche konnen kiyès ki pral responsab pou sèvis dlo ak egou an. Mande pwopriyetè an anvan nou finn bwote. Paske nan ka kote yo te koupe dlo an paske moun anvan an pa te peye, epi moun tap sèvi ak dlo an san abònman, oswa gen yon konbèlann ki fèt, nouvo lokatè an pral genyen pou li bay prèv dat ke li te rantrè nan kay lan (kontra kay lan oswa yon lèt notarye de mèt ay lan). ●



Tèmine oswa Transfere Sèvis lan

Se pou w toujou mande dekonekte oswa transfere sèvis w an anvan w bwote de kay lan. Kliyan yo gen dwa mande dekonekte oswa transfere sèvis yo pa telefòn, sou entènèt lan nan www.miamidade.gov (Klike sou "View Your Water Bill"), oswa ale nan youn nan sant sèvis nou yo ki sou lis nan paj sou sòt wè anvan an.

Si wap bwote nan yon zòn ki toujou depann de Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade, se pou w transfere sèvis w an. Jis rele (305) 665-7488 oswa vizite youn nan biwo nou yo. Lè nou rele se pou nou bay nouvo adrès lan ak dat pou yo fèmen sèvis nou nan ansyen kay lan epi ki jou pou yo dreape nouvo sèvis nou an. Depi w te yon bon abòne, yo pap mande pou w mete youn nouvo depo.

Si nou bwote nan yon nouvo lokal ki pa depann de Depatman, nou an, se pou nou fè demann pou yo dekonekte nou epi bay nouvo adrès kote pou yo voye dènye bòdwo an ba nou oswa ranbouse nou depo nou an.

Tanpri note byen ke dekoneksyon fèt pandan lasemèn epi anvan midi. Se yon pi bon id e pou w mande dekonekte jou apre w finn bwote an. ●



Enfòmasyon Bòdwo ak Peman

Bòdwo Dlopotab ak Egou yo ale jwenn kliyan rezidansyèl yo chak twa mwa epi yo fèt pou peye lè nou resevwa yo. Pou asire ke kont w an rete ajou, se pou w asire ke biwo nou yo resevwa peman w lan anvan dat reta ki ekri anwo agòch sou bòdwo w la.

Si nan yon ane, yon kliyan voye de (2) peman pa chèk ki san fon, ke yo retounen, Nou jis ap asepte peman an kach, chèk labank oswa yon 'monyè order nan men kliyan sa-a pandan yon (1) ane. Depatman an gen dwa menm egzije ke w peye yon lajan kòm depo pou kont w an.

Wap kapab wè epi peye bòdwo w lan sou entènèt lan sou www.miamidade.gov/wasd. Pou peye klike sou "Pay Your Water Bill" oswa pou wè bòdwo an klike sou "View Your Water Bill" sou

kòman agòch ekran an. Sitwèb la kite w wè balans lajan ki sou bòdwo w la epi li pèmèt w wè dènye bòdwo

w la, epi dosye kont w an, ni peman yo ni bòdwo yo. W kapab tou sou menm entènèt, sou sitwèb la, gade ki kantite dlo w ki pase sou kont w an epi si w vle soumèt yon demann pou transfere oswa dekonekte sèvis w an. Se pou w genyen nimewo kont w an sou la men pou w kapab gade bòdwo w yo sou entènèt la.

W kapab fè yon grenn peman sou kont epany oswa kont kouran. Sèvis sa-a gratis epi se pou w genyen sou lamèn nimewo kont labank lan ak nimewo sikisal bank la men "routing number" (tou de sou chèk w yo oswa slip depo yo). W kapab fè yon grenn peman ak kat "Master Card", Visa, American Express oswa Discover card". Tanpri note ke maksimòm peman pou chak tranzaksyon kat sa yo se \$400 dola epi konpayi ki desèvi nou nan pwosedi kat kredi yo ap chaje nou yon frè de \$3.95 pou sèvis sa-a.

Oswa w kapab enskri w nan "E-Pay", an yon sistèm otomatik pou resevwa ak/ oswa peye bòdwo w lan sou entènèt la. Sèvis sa-a gratis. Vizite nou sou sitwèb la nan www.miamidade.gov/wasd pou plis detay. ●





Bòdwo Aryere yo



Se la menm lè nou resevwa bòdwo an ke bòdwo opotab ak egou yo fèt pou peye. Peyman ke yo resevwa apre dat ki make sou bòdwo an, yo va mete 10 pousan frè sou li pou an reta li an reta. Si dis jou apre dat ki make an yo poko resevwa peman , yo gen dwa menm dekonekte sèvis lan epi fèmen kont lan.

Si yo dekonekte sèvis lan, yo gen dwa fè nou peye ni frè dekoneksyon ni frè koneksyon. Si yo fèmen kont lan, yo gen dwa pran depo an pou kouvri

sa nou dwe an, epi si ta gen yon diferans ke nou rete dwe yap voye yon nouivo bòdwo pou nou. Si nou ta gen yon kòb diplis ki rete ya voye lajan an ba nou.

Yo pap ba nou nouvo sèvis jiskaske dènye bòdwo an pa peye epi nou ranpli yon nouvo aplikasyon epi fè yon nouvo depo. Nou pap janm kapab resevwa sèvis nan ankenn lokal ki sou kontwòl Depatman Opotab ak Egou Miami-Dade jiskaske nou finn regle koze kont nou an. ●

Peye Bòdwo Nou



Pou fasilite peyman nou yo, gen plizyè fason ke Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade gen plizyè fason de peyman ke li ofri nou pou fasilite nou:

1. Pa voye lajan kach pa lapòs.

Voye peyman nou pa lapòs nan adrès ki deja make sou liyan. Yo tou mete yon anvlòp ki deja gen adrès lan sou li. Se pou nou mete seksyon bòdwo ki fèt pou tounen ak peyman nou an.

2. Fè aranjman ak labank nou pou yo peye bòdwo nou an dirèkteman bay Depatman Opatab ak Egou Miami-Dade.

Se pou nou asire nou ke se bon nimewo kont bòdwo nou an ke nou bay labank lan pou se pa bòdwo yon lòt moun ke yap peye.

3. Peye sou entènèt nan www.miamidade.gov/wasd

4. Pote peye an pèsòn nan lokal nou yo:

Douglas Building

3071 SW 38 Avenue, 1ye Etaj
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 5:00 p.m

Lejeune Office

3575 S Le Jeune Road
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Downtown Office

140 W Flagler Street
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 4:30 p.m.

Caleb Center

5400 NW 22 Avenue, 1ye Etaj
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 4:30 p.m.

South Dade Government Center

10710 SW 211 Street, 1ye Etaj
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 4:30 p.m.

5. **Oswa vini peye nan youn nan lokal sa yo ki genyen otorizasyon nou**

Check Cashing USA #1

13825 SW 88 Street
(305) 752-9555
Lè Ouvèti: 24 sou 24, 7 jou
pa semèn

Check Cashing USA #14

8447 Coral Way
(305) 265-9503
Lè Ouvèti: Lendi– Samdi
24 è 24 è

Sedano's Pharmacy & Discount Store #8

6410 NW 186 Street
(305) 825-3386
Lè Ouvèti: Lendi– Vandredi,
8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Continental Pharmacy

505 SW 8 Street
(305) 856-2211
Lè Ouvèti: Lendi– Samdi,
8:15 a.m. – 7:00 p.m.

Yo pap asepte peyman bòdwo aryere yo nan ankenn nan lokal sa yo ni nan biwo "WASD's Downtown Office". Se nan lòt biwo Depatman an pou nou peye aryere yo. Se pou nou vini peye twa jou anvan dat ki sou bòdwo an lè nou ale nan youn nan lokal ke nou otorize yo pou nou asire nou gen ase tan pou nou mete kont la ajou. ●




Ajisteman Bòdwo yo



Nou **PETÈT** gen dwa resevwa yon ajisteman sou bòdwo nou an pou youn nan rezon sa yo:

- Yon move lekti kontè
- Yon estimasyon ki twò piti oswa twòp
- Yon fwit nan bwat kontè an
- Zak kraze brize nan yon rapò polis
- Fwit ki kache anba tè oswa nan mi kay lan menm.

Pa gen ajisteman kap fèt poutèt fwit ki la anba je nou nan bagay kou twalèt yo, chof o yo, machin alave yo oswa tèt tiyo yo (wobinèt yo).

Tanpri rele seksyon sèvis kliyan yo nan (305) 665-7477 oswa kontakte nou sou sit entènèt www.miamidade.gov/wasd pou plis enfòmasyon  sou kouman pou nou kalifye pou ajisteman bòdwo yo.



Kredi Pou Pisin Yo



Se dapre gwosè pisin lakay nou ke yo va ba nou kredi baze sou sèvis egou sou bòdwo nou an. Depatman Egou ak Opotab Miami-Dade bay yon kredi yon fwa lan lè nou gen pou nou vide pisin lan.

Si nou vle resevwa yon kredi pisin, rele seksyon sèvis kliyan yo nan (305) 665-7477 epi mande yon fòm demann pou kredi pisin. W ka egalman telechaje fòm kredi pisin lan

sou www.miamidade.gov/wasd epi klike sou "Request Credit Adjustment". Ranpli fòm lan, asire nou ke nou byen bay gwosè pisin lan ladan li. Lè nou fini, faks li ba nou nan (786) 552-8763, oswa voye li pa lapòs ba nou nan Miami-Dade Water and Sewer Department, PO Box 330316, Miami, FL 33233-0316. Asire nou ke nou byen ekri 'pool credit' sou fèy faks lan oswa anvlòp nou an. ●

Kesyon Nou Plis Bezwen Repons yo

Bòdwo dlo mwen an wo anpil mwa sa a. Sak do fè sa?

Rezon ki pi lojik lan pou yon bòdwo ki wo anpil se yon fwit.

Pou nou tcheke si gen fwit lòt kote nan kay lan, ale li kontè dlo an. Asire nou ke pèsòn pa ouvè dlo an pou o,wen 15 a 20 minit. Ale li kontrè an ankò. Si li chanje chif nan lekti an, li posib ke nou gen yon fwit.

Lòt rezon yon bòdwo dlo konn wo anpil se twòp awozaj, moun ki fè ladesann lakay nou epi travo konstriksyon.

Si nou pa jwenn ankenn fwit men nou santi gen yon bagay ki toujou pa kòrèk, rele seksyon sèvis kliyan nou an nan (305) 665-7477. Yon reprezantan sèvis kliyan nou yo va pale avèk nou pou diskite sou pwoblèm bòdwo

nou an epi yo va deside si li nesesè pou Depatman an vini fè yon investigasyon nan adrès lakay nou an.

Kiyès pou mwen rele si mwen gen yon kesyon sou bòdwo mwen an?

Rele seksyon sèvis kliyan nou an nan (305) 665-7477 pou nenpòt enfòmasyon sou bòdwo nou an.

Mwen bliye peye bòdwo mwen an. Konbyen tan mwen genyen anvan yo koupe dlo mwen?

Se la menm lè nou resevwa bòdwo an ke bòdwo opotab ak egou yo fèt pou peye. Peyman ke yo resevwa apre dat ki make sou bòdwo an, yo va mete 10 pousan frè sou li pou an reta li an reta. Si dis jou apre dat ki make an yo poko resevwa peyman, yo gen dwa menm dekonekte sèvis lan epi fèmen kont lan.



Si yo dekonekte sèvis lan, yo gen dwa fè nou peye ni frè dekoneksyon ni frè koneksyon. Si yo fèmen kont lan, yo gen dwa pran depo an pou kouvri sa nou dwe an, epi si ta gen yon diferans ke nou rete dwe yap voye yon nouivo bòdwo pou nou. Si nou ta gen yon kòb diplis ki rete ya voye lajan an ba nou.

Kouman pou mwen fè yon peman?

Nou genyen divès mwayen ke Depatman Opotab ak Egou Miami-Dade ba nou pou nou kapab peye bòdwo nou an. Kliyan yo gen dwa peye pa lapòs nan adrès ki make sou bòdwo an, oswa fè aranjman ak labank nou pou yo peye dirèkteman nan lajan ki sou kont nou, oswa peye anpèsòn nan youn nan lokal nou yo. Pou yon lis lokal nou yo tcheke seksyon PEYE BÒDWO NOU nan paj 14 ak 15.

Kilè yap remèt mwen depo mwen te fè an?

Depo nou an okonplè va vinn jwenn nou apre dezan de bon kliyantèl ak Depatman an, oswa lè nou fèmen kont lan.

Kiyès pou mwen rele si gen yon fwit lakay mwen?

Depatman Opotab ak Egou pa responsab pou fwit sou pwopriyete prive. Si nou pa finn konnen ki moun pou nou rele pou yon fwit sou pwopriyete nou oswa nan bwat kontè an, rele sant «Communication Center » nan (305) 274-WASA (9272).


Kiyès mwen rele pou yon fwit nan yon tiyo prensipal oswa yon tiyo ponpye?

Fè rapò nou bay sant "Communication Center" WASD an byen rapidman nan (305) 274-WASA (9272). Tout ka dijans se nan biwo sa a pou nou fè rapò nou 24 sou 24, sèt jou lasemèn.

Kouman pou mwen ekonomize sou bòdwo dlo mwen an?

Ekonomize dlo epi bòdwo an va bese. Yon bòdwo ki wo se sitou poutèt nou sèvi ak twòp dlo oswa twalèt tiyo tèt tiyo yo ap koule oswa yo gen fwit. Nou kapab byen veye pou fwit, chanj fason de vi nou sèvi ak mwens dlo epi enstale nouvo ekipman ki konsève dlo.

Pou nou konnen kouman pou nou konsève dlo, tcheke seksyon divès ti lide sou konsèvasyon nan paj 6. ●





Ki Nimewo Telefòn Pou Mwen Rele...

Jwen enfòmasyon jeneral sou konsèvasyon, tretman ak kalite dlo, apwovizyonman dlo altènatif ak aktivite konsètasyon kominatè?

Liy dlo (Waterline) (305) 448-SAVE

*Jwenn yon lokal pou peye?**

Relasyon Kliyantèl (305) 665-7477

*Jwenn enfòmasyon sou dekoneksyon?**

Sèvis Kliyan (305) 665-7488

Jwenn enstalasyon lateral, apwobasyon pou travo konstriksyon oswa renovasyon?

Nouvo Biznis (305) 669-7701

*Jwenn enfòmasyon sou restriksyon dlo?**

Seksyon Afè Piblik (786) 552-8088

Fè demann kondisyon aplikasyon pou pwojè itilizasyon efikas dlo yo?

Konsèvasyon Dlo (786) 552-8974

Jwenn enfòmasyon sou dènye notifikasyon pa lapòs?

Relasyon Kliyantèl (305) 665-7477

Fè aranjman pou peye?


Relasyon Kliyantèl (305) 665-7477

*Pote yon doleyans oswa jwenn enfòmasyon sou yon pwojè Konstriksyon WASD?**

Liy Doleyan (305) 552-8970

Fè rapò liy tiyo prensipal, yon twou egou, oswa yon tiyo ponpye kase?

Communications Center (305) 274-9272



Fè yon rapò apre lè nòminal biwo?

Communications Center(305) 274-9272

Rapò yon twou egou ki kase?

Communications Center(305) 274-9272

Rapò yon presyon dlo ki twò ba?

Communications Center(305) 274-9272

Rapò sou yon twou egou ki ouvè?

Communications Center(305) 274-9272

Rapò sou yon pwoblèm oswa bòdwo mwen?

Relasyon Kliyantèl(305) 665-7477

Rapò de yon watè ki bouche oswa kap remonte?

Communications Center(305) 274-9272

Rapò sou priz ki pa sa?

Tampering Unit(786) 552-8543

Rapò sou pwoblèm kalite dlo an?

John E. Preston Water Treatment Plant.....(305) 520-4738
(Onò de SW 8th St)

Alexander Orr, Jr. Water Treatment Plant(305) 275-3170
(Osid de SW 8th St)

Communications Center (24 sou 24)(305) 274-9272

Rapò apre lè biwo pou yon pwoblèm nan yon estasyon ponp? (Limyè limen, alam kap sonnen)

Communication Center(305) 274-9272

*Demann pou kredi pisin? **

Relasyon Kliyantèl(305) 665-7477

*Transfere kont mwen nan nouvo adrès mwen?**

Sèvis Kliyantèl(305) 665-7488



*Kliyan yo gen dwa jwenn enfòmasyon oswa ranpli fòm pou sèvis sa yo sou entènèt lan nan: www.miamidade.gov/wasd



Live. Bon. Kalite. Sèvis. Chak. Ton.

Water and Sewer
3071 SW 38 Avenue
Miami Florida 33146

110_01-27 807